

Aplikasyon pou Èd Finansye Inifòm pou Lopital nan Eta New York

Li posib ou ka kalifye pou èd finansye pou lopital pou ou peye fakti ou yo si ou pa gen asirans, si asirans ou an fini, oswa si ou gen asirans sante men ou gen prèv ou te peye pou depans medikal ki bay yon total ki plis pase 10% revni w. Lè w ranpli fòm sa a, sa a pral kòmanse demann ou an pou èd finansye nan lopital. Tout lopital nan Eta New York itilize fòm sa a.

Yo dwe enprime aplikasyon sa a nan lang prensipal¹ pasyan lopital la yo pale.

Non Pasyan an (konplete ak enfòmasyon ki aplikab yo)

Non Pasyan (Prenon, 2yèm Prenon, Siyati)		
Dat Nesans (mm/jj/aaaa)		
Adrès	Nimewo Apatman/Inite	
Vil	Eta	Zip Postal
Nimewo Telefòn Kontak		
Non Paran an/Responsab Legal la oswa Non Reprezantan Legal la (si pasyan an se yon timoun minè oswa yon adilt ki andikape)		
Adrès Imel (si genyen)		

Enfòmasyon sou Fanmi:

Tanpri endike pi ba a tout manm fanmi w ki nan kay ou a. Kay ou a gen ladan ou menm, mari w oswa madanm ou oswa moun ou plase avèk li a, ak nenpòt timoun oswa lòt moun ki sou kont ou. Pa egzanp, sa a ta gen ladan tout moun ki endike sou menm deklarasyon taks la.

Revni brit vle di revni pa w **anvan yo retire** taks.

Revni brit ka gen ladan lajan ou touche nan travay (salè, ti lajan kado, salè nan travay endependan), revni ou pa touche pou travay (sekirite sosyal, andikap, ak avantaj chomaj), kontribisyon (fon ki soti nan men fanmi oswa zanmi), ak lòt sous revni (asistans tanporè ak revni sekirite siplemente)

Non Konplè	Relasyon	Revni Brit Total (Aktyèlman)
	Ou Menm	

¹ "Lang Prensipal yo" gen ladan nenpòt lang ki itilize pou kominke nan omwen 5% vizit pasyan chak ane, oswa nenpòt lang plis pase 1% populasyon ki nan zòn sèvis lopital prensipal la pale, jan yo kalkile sa a ak enfòmasyon demografik ki disponib ki soti nan Biwo Resansman peyi Etazini an, ki konplete ak done ki soti nan sistèm lekòl yo.

Lopital la ka mande w soumèt dokiman kòm prèv revni; egzanp dokiman yo ta ka gen ladan yon souch peman, yon lèt anplwayè w la si sa aa plikab, oswa Fòm 1040 lan.

Estati Asirans Sante

Èske w gen nenpòt kalite asirans sante, tankou Medicaid, Medicare, oswa asirans prive atravè anplwayè w la oswa ou te achte poukонт ou? Wi Non

Si w te reponn "Non," èske w ta renmen èd pou ou aplike pou nenpòt nan pwogram sa yo?

Wi Non

Pasyan ki pa gen asirans: moun ki gen asirans ak gwo depans medikal. Si ou gen asirans, tanpri bay yon estimasyon fakti medikal ou te peye nan 12 mwa ki sot pase yo.

\$

Lopital la ka mande pou ou soumèt dokiman kòm prèv ou te peye pou depans medikal yo

Pasyan/Konsène ki responsab la: Si se pa pasyan an, endike non moun ki siyen fòm lan ak otorite li genyen pou l siyen nan non pasyan an (pa egzanp, mari oswa madanm, paran, reprezantan legal).

Mwen konprann enfòmasyon mwen soumèt yo ka mande verifikasyon nan enstitisyon deyò. Mwen sètifye enfòmasyon yo se verite epi yo konplè dapre tout sa a mwen konnen.

Ekri Non an ak Lèt Detache	Dat
Relasyon ak Pasyan	
Siyati	

Kalifikasyon Minimòm ak Direktiv

Kalandriye Aplikasyon an, Dwa Pasyan yo, ak Konfidansyalite

- Ou ka aplike pou èd finansye nenpòt lè pandan pwosesis koleksyon an.
- Ou pa oblige fè okenn peman nan lopital sa a toutotan ou pako resevwa yon desizyon sou aplikasyon ou depoze pou èd finansye a. Lopital yo pa ka voye kont yo nan koleksyon pandan aplikasyon w lan annatant.
- Si yo refize ba w èd finansye, ou gen dwa pou ou fè apèl. N ap mete enfòmasyon sou fason pou ou fè sa a nan avi lopital la ou resevwa a. Ou ka gen dwa pou ou fè apèl kont kantite èd finansye yo ba w la. Lopital la pral mete enfòmasyon sou fason pou ou fè apèl nan lèt sou desizyon yo a.
- Lopital yo pa kapab voye fakti ki poko peye yo bay yon ajans koleksyon pandan omwen 180 jou apre premye fakti w la.
- Yo entèdi lopital yo pou yo rele moun lajistis, tankou depoze plent nan tribunal, pou yo jwenn lajan fakti medikal ki poko peye pou pasyan ki pi ba pase 400% nivo povrete federal la. Ou ka jwenn direktiv pou povrete yo la: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>
- Lopital la pral itilize nenpòt enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a sèlman pou detèmine si ou kalifye pou èd finansye epi enfòmasyon yo pral rete konfidansyèl nan limit lalwa pèmèt.
- Yon lopital pa ka refize ba w sèvis ki nesesè sou plan medikal akoz ou gen yon fakti medikal ou pako peye.
- Si w bezwen èd pou ou ranpli aplikasyon sa a, tanpri kontakte biwo èd finansye (HOSPITAL NAME) nan nimewo (PHONE NUMBER).
- Si w bezwen plis èd pou ou ranpli aplikasyon sa a oswa èd pou ou fè apèl kont yon desizyon, ou ka kontakte Community Health Advocates: 888-614-5400.

Kalifikasyon

Pa gen anyen ki limite kapasite yon lopital pou li detèmine kalifikasyon pasyan yo pou rabè nan peman nan nivo revni ki pi wo pase sa ki endike pi ba a ak/oswa pou li bay pi gwo rabè nan peman pou pasyan ki kalifye pase sa a Lwa Sante Piblik egzije. Anplis, estati imigrasyon pa dwe yon kondisyon pou detèmine kalifikasyon nan objektif pou detèmine èd finansye a.

Moun ki annapre yo kalifye:

- Moun ki pa gen gwo revni ki pa gen asirans sante; oswa
- moun ki pa gen ase asirans (depans medikal ki soti nan pòch ki akimile nan douz (12) mwa ki sot pase yo ki monte depase plis pase dis (10) poustan revni chak ane brit moun sa a); oswa
- moun ki fin itilize avantaj asirans sante yo, epi ki ka pwouve yo pa genyen kapasite pou yo peye tout frè yo; oswa
- selon jijman lopital la, moun ki ka pwouve yo pa genyen kapasite pou yo peye kopeman yo ak/oswa franchiz yo ka mande yon peman redui oswarabè.

Moun ki atenn jiska 400% nivo povrete federal la kalifye pou èd finansye.

Nivo Povrete Federal (2024)			
Kantite Moun ki nan Kay la	200%	300%	400%
1 moun	\$30,120	\$45,180	\$60,240
2 moun	\$40,880	\$61,320	\$81,760
3 moun	\$51,640	\$77,460	\$103,280
4 moun	\$62,400	\$93,600	\$124,800
5 moun	\$73,160	\$109,740	\$146,320
6 moun	\$83,920	\$125,880	\$167,840
7 moun	\$94,680	\$142,020	\$189,360

Mizajou chak ane: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>

To Rabè Minimòm

Si w kalifye pou èd finansye, frè w yo ap redwi selon revni w sou yon echèl frè ki varye selon revni w jan yo endike sa a annapre a.

Nivo Revni	Peman
Pi ba pase 200% Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) la.	Tout frè yo elimine
200% a 300% Nivo Povrete Federal la	Pasyan ki pa gen asirans: Echèl ki varye selon revni jiska 10% kantite lajan Medicaid ta pral peye pou sèvis la (yo). Pasyan ki pa gen asirans: Jiska yon maksimòm 10% kantite lajan patisipasyon pasyan sa a nan asirans lan ta dwe peye.
301% a 400% Nivo Povrete Federal la	Pasyan ki pa gen asirans: Echèl ki varye selon revni jiska 20% kantite lajan Medicaid ta pral peye pou sèvis la (yo). Pasyan ki pa gen asirans: Jiska yon maksimòm 20% kantite lajan patisipasyon pasyan sa a nan asirans lan ta dwe peye.

Lopital yo ka chwazi bay pi gwo rabè pou pasyan ki kalifye yo epi/oswa ofri rabè nan peman pou pasyan ki gen pi gwo nivo revni.

Plan Peman pa Tranch

Plan vèsman yo disponib pou pasyan ki pa kapab peye pousantaj redui a tout an menm tan. Peman chak mwa yo pa ka depase 5% revni brit ou touche pa mwa ak to enterè yo chaje pasyan an sou balans ki pokò peye a, si genyen, pa dwe depase 2%.

Demann Prèv Revni pou Moun Lakay Ou yo

Tanpri mete enfòmasyon sou revni pasyan an, mari l oswa madanm li, ak nenpòt moun ki sou kont li (tankou timoun). Pa egzanp, sa a ta gen lajan l tout moun ki sou menm deklarasyon taks la (moun ki depoze deklarasyon taks la, mari l oswa madanm li, ak moun ki nan deklarasyon taks la ki sou kont li) nan kalkil revni kay la.

Sa a ki annapre a se yon lis dokiman ou ka itilize pou ou pwouve revni w. Ou pa oblige bay tout dokiman sa yo. Epitou ou kapab bay yon deklarasyon ki montre pa gen revni pou kay la si ou pa gen okenn revni.

Ou ka bay paj detèminasyon kalifikasyon NY State of Health Marketplace la tou. Si w genyen dokiman sa a, ou pa oblige bay lopital la okenn lòt enfòmasyon sou revni ki endike pi ba a.

<u>Si Kay la Resevwa:</u>	<u>Kantite Lajan pa Mwa:</u>	<u>Moun ki Aplike a Ka Bay:</u>
Salè	\$	Tanpri bay yon Souch Chèk, oswa yon Lèt Anplwayè w la ki sou papye antèt konpayi a, ki siyen epi ki gen dat, oswa dènye deklarasyon taks sou revni ou te depoze a.
Peman Sekirite Sosyal	\$	Kopi lèt/sètifica prim, oswa korespondans Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini, oswa lèt sou avantaj chak ane a. Pou ou mande yon kopi lèt sou avantaj ou a, rele nan nimewo 1-800-772-1213 oswa ale sou www.ssa.gov .
Konpansasyon pou Chomaj	\$	Kopi lèt/sètifica prim, oswa deklarasyon avantaj chak mwa ki soti nan Depatman Travay Eta New York, oswa Kopi Kat Peman Dirèk la ak dokiman enprime transaksyon an, oswa Korespondans Depatman Travay Eta New York oswa Dokiman Enprime enfòmasyon sou kont moun k ap resevwa l la ki soti sou sit entènèt Depatman Travay Eta New York (www.labor.state.ny.us).
Peman pou Andikap	\$	Kopi lèt/sètifica prim, oswa korespondans Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini, oswa lèt sou avantaj chak ane a. Pou ou mande yon kopi lèt sou avantaj ou a, rele nan nimewo 1-800-772-1213 oswa ale sou www.ssa.gov .
Konpansasyon pou Travayè	\$	Kopi Lèt Prim oswa Souch Chèk.
Pansyon Alimantè/Sipò Timoun	\$	Kopi òdonans tribinal la, oswa 3 mwa chèk ki chanje/resi.
Dividann/Enterè	\$	Deklarasyon dividann chak trimès oswa deklarasyon 1 mwa.
Lòt	\$	Lèt ki endike kantite lajan ou touche ki pa salè (si genyen), tankou revni lokasyon, lajan kach pou travay anpeyan, elatriye.
Pa gen revni	\$0	Deklarasyon ki siyen ki di pa gen revni.